



## Pwojè Enèji Gran Cambridge (Greater Cambridge Energy Project)

*Solisyon CLEAR (Enèji Pwòp, Adaptab, Fyab) la*

### Bezwen Pwojè a

Nan objektif pou nou toujou pi byen sèvi ou, Eversource pwopoze konstwi yon nouvo sou-estasyon souteren nan Kendall Square, Cambridge, Massachusetts, ansanm ak senk nouvo liy transmisyon souteren 115 kilovòlt (kV) ki entèkonekte ak sou-estasyon ki deja egziste nan rejyon ozalantou a. Amelyorasyon sa yo pral ranfòse fyabilite sistèm nan, reponn ak bezwen enèji k ap ogmante yo epi y ap fasilite plis aksè a resous enèji pwòp pou kliyan nou yo.

### Deskripsyon Pwojè a

Pwojè Enèji Gran Cambridge (Greater Cambridge Energy Project) la pral gen ladan l yon nouvo sou-estasyon souteren nan Kendall Square ki nan Cambridge. Nouvo sou-estasyon an ap sitiye ant Broadway ak Binney Street epi y ap entegre l nan plan reyamenajman Boston Properties yo pou Kendall Center Blue Garage la. Ap gen yon espas piblik ki louvri epi ki aksesib anwo sou-estasyon souteren an. Pwojè a bezwen tou senk nouvo liy transmisyon, ki entèkonekte nouvo sou-estasyon an ak yon sou-estasyon ki deja egziste nan katye Allston-Brighton ki nan Boston, sou-estasyon ki deja egziste nan Kendall yo, ansanm ak Putnam Avenue nan Cambridge ak sou-estasyon ki egziste nan Prospect Street nan Somerville. Apre yon egzamen apwofondi kote yo te analize fyabilite sistèm nan, fezabilite teknik, depans, enpak anviwònman ak kominotè ak kòmantè pati ki konsène yo, yo te finalman devlope de (2) opsyon pou liy transpò pou chak senk liy transmisyon ki obligatwa yo. Nan paj 2 sou kat jeyografik la, w ap wè diferan liy transpò yo.

### Sansibilizasyon Kominotè

Eversource pran angajman pou l kontinye travay an tèt ansanm avèk chak kominote lokal, dirijan minisipal yo ansanm ak lòt pati konsène ki enterese yo pou bay enfòmasyon sou pwojè a, pou kolekte kòmantè ak pou reponn nenpòt kesyon oswa adrese enkyetid. Y ap òganize Jounen Pòt Ouvèt pou Piblik la yo defason vityèl nan chak kominote òganizatè pandan Otòn sa a, e Eversource ap kontinye kanpay ransèyman li an gras ak yon seri aktivite an pèsòn mobil pou kontinye ankouraje kòmantè ki soti nan yon echantyon divèsifye pou katye pwojè a pral travèse yo.

### Estimasyon Orè\*

- **Jounen Pòt Ouvèt pou Piblik la:** Otòn 2021
- **Depoze yon Petisyon pou Lokalizasyon nan Konsèy pou Lokalizasyon Enstalasyon Enèji (Energy Facilities Siting Board, EFSB) a:** Nan fen ane 2021 an
- **Odyans Piblik EFSB:** 2022 (Y ap anonse dat la apre)
- **Desizyon Pwovizwa Konsèy pou Lokalizasyon Enstalasyon Enèji (EFSB) a:** Nan mitan oswa nen fen ane 2023 a
- **Desizyon Final EFSB:** Nan fen ane 2023 a
- **Apwobasyon EFSB annatant, Jounen Pòt Ouvèt Avan Konstriksyon:** Nan fen ane 2023 a
- **Kòmansman konstriksyon an:** Nan kòmansman ane 2024 la
- **Estimasyon dat mizansèvis:** Nan fen ane 2028 an

*\*Dat yo ka chanje*

(Suit)

## Pou Plis Enfòmasyon

Voye imèl bay Eversource nan [ProjectInfo@eversource.com](mailto:ProjectInfo@eversource.com) oswa rele 800-793-2202. Ou kapab rete enfòm tou sou tout sa k ap pase nan kominote w la lè w bay enfòmasyon kontak ou nan telefòn, pa imèl oswa lè w eskane kòd QR la apati aparèy entèlijan w lan.

